**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–02.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय जनौलक जे नीट–यूजी परीक्षा दू हजार चौबीस मे पैघ स्तर पर पेपर लीकक घटना नहि भेल अछि। पेपर लीकक मामिला मात्र पटना आओर हजारीबाग धरि सीमित रहल। प्रधान न्यायाधीश डी. वाई चन्द्रचूड़क अध्यक्षतावला पीठ जनौलनि अछि जे परीक्षाक आयोजन मे सिलसिलेवार गड़बड़ी नहि भेल अछि। पीठ जनौलनि जे सरकार के छात्र सभक हित मे राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी, एनटीएक कमि के शीघ्रहि दूर कऽ लेबाक चाहि। संगहि, पीठ एनटीएक कार्यप्रणाली में सुधार लेल बनाओल गेल समिति नीट परीक्षा लेल एस. ओ.पी बनेबाक लेल सेहो जनौलक। कमिटी सँ तीस सितम्बर धरि रिपोर्ट मांगल गेल अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मूक अध्यक्षता मे दू दिवसीय राज्यपाल सम्मेलन राष्ट्रपति भवन मे शुरू भेल अछि। ई राष्ट्रपतिक देख–रेख मे राज्यपाल सभक पहिल सम्मेलन अछि आओर सभ राज्यक राज्यपाल सभ, ई बैसक मे भाग लऽ रहल छथि। उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह आओर केन्द्रीय मंत्री शिवराज सिंह चौहान, धर्मेन्द्र प्रधान, अश्विनी वैष्णव आओर डॉक्टर मनसुख मांडविया सेहो एहि मे भाग लऽ रहल छथि। बैसारक कार्य सूची मे तीन आपराधिक कानून के लागू करबाक, उच्च शिक्षा मे सुधार, विश्व विद्यालयक मान्यता आओर जनजातीय क्षेत्र, आकांक्षी जिला आ सीमावर्ती क्षेत्रक विकासक मुद्दा अछि। संगहि, माई भारत, एक भारत श्रेष्ठ भारत, एक वृक्ष माँ के नाम आओर प्राकृतिक खेती जेहेन कतेको अभियान मे राज्यपालक भूमिका पर सेहो चर्चा होयत। संगहि, राज्यपालक भूमिका आओर राज्य सभ मे कतेको केन्द्रीय एजेंसीक बीच निक संबंध सहित कतेको आनो–आन विषय पर सेहो विचार–विमर्श होयत।

---

सूचना आओर प्रसारण मंत्रालयक पत्र सूचना कार्यालय तथ्य जाँच इकाई वर्ष दू हजार उन्नैस सँ अखन धरि नओ हजार नओ सय बाईस संदेश के फर्जी खबरिक रूप मे उजागर कयलक अछि। सूचना आओर प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल मुरूगन राज्यसभा मे पूरक प्रश्नक उत्तर दैत ई जनतब देलनि।

————————————————————

रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे बुलेट ट्रेन परियोजना पर काज तेज गति सँ चलि रहल अछि। एहि मे तीन सय बीस किलोमीटरक हिस्सा पहिनहि पूरा भऽ गेल अछि। आइ राज्यसभा मे पूरक प्रश्नक उत्तर दैत ओ जनौलनि जे देशक पहिल बुलेट ट्रेन परियोजना अखन जापानी मददि सँ अहमदाबाद आओर मुम्बईक बीच बनि रहल अछि।

————————————————————

अखन देशक पंचानवे प्रतिशत सँ बेसी गाम सभ मे थ्री–जी या फोर–जी मोबाईल कनेक्टिविटी के संग इंटरनेट पहुँचि गेल अछि। संचार मंत्रालय द्वारा जारी आंकड़ाक अनुसार एहि वर्ष अप्रैल धरि छओ लाख चौवालीस हजार गाम सभ मे सँ छओ लाख तेहर हजार गाम मे इंटरनेट सेवा पहुँचि गेल अछि। देश मे पंचानवे करोड़ चौवालीस लाख इंटरनेट सब्सक्राइबर मे सँ उनचालीस करोड़ तिरासी लाख सँ बेसी ग्रामीण क्षेत्र सँ अछि।

————————————————————

दिल्लीक राजेन्द्र नगरक एक कोचिंग बेसमेंट मे पानि भरि गेला सँ तीन छात्रक भेल मृत्युक मामिलाक जाँच आब सीबीआई करत। दिल्ली उच्च न्यायालय घटनाक जाँच सीबीआई के सौपबाक लेल जनौलक अछि।

————————————————————

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि अछि जे राज्य मे चारि विधानसभा सीट लेल एनडीए के घटक दलक बीच समझौता भऽ गेल अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे शीघ्रहि एकर घोषणा कयल जायत।

————————————————————————

मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक बीच बांका, मुंगेर आओर बेगूसराय जिला मे बेसि सँ बेसि भारी बारिशक चेतावनी देलक अछि। एहि के लऽकऽ रेड अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, भागलपुर, जमुई आओर खगड़िया जिला मे बहुत भारी बारिश भऽ सकैत अछि, जाहि के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। संगहि, कटिहार, रोहतास, औरंगाबाद आओर गया जिला मे भारी बारिशक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। विभाग ई सभ जिला लेल येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक आनो—आन क्षेत्र मे हल्लूक सँ मध्यम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि। संगहि, मेघगर्जन आओर ठनका खसय के लऽकऽ सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच नवादाक काशीचक मे सभ सँ बेसि बिरासी दशमलव आठ मिलीमीटर बारिश भेल अछि।

————————————————————————

सहरसाक जिलाक पतरघट थाना क्षेत्रक नवटोलिया मे अपराधी सभ जमीनक झंझट मे एक व्यक्ति के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिसक अनुसार मृतक के दस गोली मारल गेल अछि।

————————————————————————

बेगूसराय जिलाक लोहिया नगीर थानाक ओभरब्रिज लऽग सँ पुलिस सेनाक एक जवान के पचहत्तरि डेटोनेटर आओर नब्बे आन बिस्पोटक समाग्रीक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त